

# Satani **NAKRISTU**



na Watson Goodman

Ibhuku repachena haritengeswi

## SATANI NAKRISTU

Satani, unotaurwa neIzwi raMwari “somuchinda wenyika ino,” ndiye mhandu huru yaMwari, ye chisikwa chikuru chaMwari—munhu. Isu vanhu tiri muhondo yekusaziva. Hondo iyi iri pakati paKristu naSatani. Tinofanira kusarudza umwe wevaviri ava kuti aite tenzi wedu nokusingaperi. KRISTU musiki—uriEmanuere (Mwari anesu)—kana Satani, chikara—uri muchinda wokupikisana kwose naMwari. Nepamusaka perufu rwake nekumuka kwake, KRISTU akakunda zvakaperera kuna ivo vanotenda zvechokwadi kwaari.

Satani unoedza, munzira dzakawanda, kunyengera nekutsausa vanhu. Kunamatwa ndiyo nyaya huru. Kristu Musiki wedu unofanirwa kunamatwa navose. Tinotananidzwa naiye watinonamata. Nzira ya Satani yekupedzisira yekutora vanhu pasi rose iri munezvizvi: (1) kuzvitonga kubva kuna Mwari, (2) Kuteerera mweya yakaipa, (3) Kunamata “munhu wechitadzo,” (4) kunamata “mufananidzo wake,” (5) norupawo pamuviri kuti ugokwanisa kutenga nekutengesa. Chenjerai zvese izvi.

—Watson Goodman (1920-2002)

*Mwari wakasikira Nyamasase (Satani)  
basa repamusoro-soro Kudenga*

Zvanzi naShe Jehova: Iwe wokuisa chisimbiso chako pachiyero, uzere novuchenjeri, wakakwana pakunaka. Wakanga uri paEdeni, mumunda waMwari; wakanga wakafukidzwa namabwe anokosha amarudzi ose, anoti, sardio netopasi nedaimani neberiri, neoniksi nejaspiri nesafiri nesmaragdino nekarbunkuri; ngoma dzako nenyere dzako dzakanga dzakaitwa nendarama mukati mako, zvagadzirwa nezuva rokusikwa kwako.

Iwe wakanga uri kerubi rakazodzwa, raifukidzira areka, ndika-

kugadza ukava pamsoro pegomo dzvene raMwari; waifamba-famba pakati pamabwe omwoto.

*Akanga akakwana*

Wakanga wakakwana panzira dzako kubva pazuva rokusikwa kwako, kusvikira kusarurama kwakawanikwa mukati mako.

*Mwari anobudisa chitadzo*

Nokuwanda kwokushambadzira kwako vakazadza mukati mako nokuita nesimba, ukatadza; nainzvozvvo ndakakudzinga pagomo raMwari ndichiti uri chinhu chinomhurwa, ndikakuparadza, iwe kerubi raifukidzira areka, ndikakubvisa pakati pamabwe omwoto.

—Ezekieri 28.12b-16

Kuzvikudza kunotangira kupa-  
radzwa; vuyemweya wamanyawi  
unotangira kuwa. —Zvirevo 16.18

Mwoyo wako wakazvikudza no-  
kuda kwokunaka kwako; wakavo-  
dza vuchenjeri bwako nokuda  
kwokubwinya kwako; ndakakuwi-  
sira pasi, ndakakuisa pamberi pa-  
madzimambo kuti vakuvone.

*Kuparadzwa kwomupanduki*

Nokuwanda kwezvakaipa zva-  
ko, nokusarurama kwokushamba-  
dzira kwako, wakamhura nzvi-  
mbo dzako tsvene; naizvozvo nda-  
kabudisa mwoto mukati mako;  
wakakupedza, ndikakushandura  
ukava madota panyika pamberi

pavose vanokuvona. Vose, vano-  
kuziva pakati pamarudzi avanhu,  
vachashamiswa pamsoro pako;  
wava chinhu chinotyisa, haunga-  
zovi chinhu nokusingaperi.

—Ezekieri 28.17-19

*Chisikwa chese chinofanira kuva  
Pasi PeMusiki*

Shumirai Jehova nomufaro; vu-  
yai pamberi pake muchiimba. Zi-  
vai kuti Jehova ndiye Mwari; ndi-  
ye wakatiita, tiri vanhu vake; tiri  
vanhu vake, namakwai anofu-  
dzwa naye. —Mapisarema 100.2, 3

Kutya Jehova ndiko kutanga  
kwovuchenjeri; vose vanozviita  
vanomurangariro wakanaka.

—Mapisarema 111.10a

Haiwa, wawa seiko uchibva kudenga, iwe nyamasase, iwe mwana komana wamambakwedza! Wakandwa seiko pasi, iwe wokuwisi ra marudzi pasi! Iwe wakati mumwoyo mako: Ndichakwira kudenga, ndichakwiridza chigaro changu chovushe kumsoro kwenyeredzi dzaMwari; ndichagara pamsoro pegomo revungano, pamigumo yamativi okumsoro; ndichakwira kumsoro kwamakore, ndichazvienzanisa noWokumsoro.

Kunyange zvakadaro uchaderedzwa kusvikira paSheori, kusvikira pakadzika pegomba. Vanokuvona vachakucherekedza, vacha-

kutarira, vachiti: “Ko uyu ndiye munhu waideresa nyika, waizunungusa vushe; waishandura nyika ifanane nerenje, waiparadza maguta ayo, wairamba kusungura vasungwa vake vaende kumusha here?”

Madzimambo ose amarudzi, iwo ose, anovata achikudzwa, mumwe nomumwe paimba yake. Asi iwe warashwa kure nobwiro bwako, sedavi rinonyangadza, wafukidzwa navakavurawa, vakabayiwa nomunondo, vanoburukira kumbwe egomba, somutumbu watsikwa netsoka. Haungavigwi pamnge chete navo, nokuti wakaparadza nyika yako. —Isaya 14.12-19a

## 4 KUSUNUNGUKA KUBVA KUNA MWARI ZVINOURAYA

### *Pana Satani Kutanga*

*(Tarisai “Zvindiri” zvaSatani muna Isaya 14.13, 14, papegi 3.)*

**Akati kwavari: Ndakaona Satani achiwa achibva kudenga semheni.**  
—Ruka 10.18

### *Muna Vatumwa Vanotevera Satani*

... Mwari asina kurega vatumwa vakatadza, asi wakavakandira mugomba romwoto nokuva-kumikidza kumakomba erima, kuti vachengeterwe kutongwa.  
—2 Petrosi 2.4

### *Mune Vanhu Vanotsauswa naSatani*

**Asava munhu achangopinduka kwete, kuti arege kuzvikudza,**

**akagowira mukutongwa kwaDi-  
abori.**  
—1 Timotia 3.6

... nokuti munhu anoitwa muranda nowakamukunda.  
—2 Petrosi 2.19b

*Denga Rinofanira kuvanekuda kumwe chete—Kuda kwaMwari kwakakwana*

**Musaenzaniswa nenyika ino, asi mushandurwe fungwa dzenyu dzichivandudzwa, kuti mugoona kuti kuda kwaMwari, kwakanaka, kunofadza, kwakakwana, ndokupi.**  
—VaRoma 12.2

*MuGehena muchazonge muine kuvengana pakati pemweya mizhinji nokusingaperi.*

**Ndini Jehova Mwari wako, wakakubudisa munyika yeEgipita, muimba yovuranda. Usava nawa mwe vamwari kunze kwangu.**

—Deuteronomio 5.6, 7

**Ipai Jehova kukudzwa kunofanira zita rake; vuyai nechipiriso, vuyai pamberi pake; namatai kunaJehova munenguvo tsvene.**

—1 Makoronike 16.29

**Ipapo Jesu akati kwaari: Ibva Satani, nokuti kwakanyorwa kuti: Namata Ishe, Mwari wako, umushandire iye oga.**

—Mateo 4.10

**Ipapo ndakawira pasi pamberi petsoka dzake, kuti ndimunama-**

**te; asi wakati kwandiri: Rega kudaro, nokuti ndiri muranda pamwe chete newe nehama dzako dzinochengeta kupupura kwaJesu; namata Mwari.**

—Zvakazarurwa 19.10a

**Vuyai, tinamate tikotamire pasi; ngatifugame pamberi paJehova Muiti wedu.**

—Mapisarema 95.6  
*(Tarisai Gen. 1.27.)*

*Vakatsauswa Vanonamata Mupanduki*

**...nyika yose ikabva yashamiswa, ndokutevera chikara ichocho. Vakanamata shato, nokuti yakanga yapa chikara simba, vakabva vanamata chikara.**

—Zvakazarurwa 13.3b, 4a

*Satani nemweya yakaipa vanodokwairira kunamatwa*

Diabori ndokuendazve naye mugomo refurefu, akamuratidza ushe hwose hwenyika, nokubwinya kwahwo; akati kwaari: Izvi zvose ndichakupa, kana ukawira pasi ukandinamata. —Mateo 4.8, 9

Zvino vamwe vanhu, vakasara, vasina kuurawa namatambudziko awa, havana kupinduka pamabasa amaoko avo, kuti vasiye kunamata mweya yakaipa, nezvifananidzo zvendarama, nezvesiriva, nezvendarira, nezvamabwe, nezvemitu, zvisingagoni kuona kunyange kunzwa kana kufamba.

—Zvakazarurwa 9.20

*Mwari Unoparadza Vashumiri Vakadaro*

... kukauya maronda akaipa, anorwadza pavanhu vaya vakanga vaine chiratidzo chechikara, nava-inamata mufananidzo wacho. ... mumwe nomumwe akatongwa sezvaakashanda. Rufu neHadesi zvikabva zvakandwa mudziva romwoto. Ndirwo rufu rwechipiri, iro dziva romwoto.

—Zvakazarurwa 16.2b na 20.13b, 14

Ndini Jehova, ndiro zita rangu; kukudzwa kwangu handingakupi mumwe, kana kurumbidzwa kwangu kumifananidzo yakavezwa.

—Isaya 42.8



*Vatumwa valshe vakasimba kupfuura  
Vatumwa vakaputsika VaSatani*

Rumbidzai Jehova, imi vatumwa vake; imi mhare dzinesimba, munoita zvaakataura, muchitere-ra inzwi reshoko rake.

—Mapisarema 103.20

Zvino kudenga kwakamuka hondo: Mikaeri navatumwa vake vakarwa neshato, shato ikarwa ina vatumwa vayo. Asi havana kukunda, —Zvakazarurwa 12.7, 8a

*Vatumwa Vatsvene VaMwari vanobatira  
nokudzivirira Vanhu Valshe*

Ko vose haizi mweya inoshanda, yakatumwa kuti ishanda no-

kuda kwavaya vanozogara nhaka yoruponeso here? —VaHeberu 1.14

Nokuti iye ucharaira vatumwa vake pamsoro pako, kuti vakuchengete panzira dzako dzose.

—Mapisarema 91.11

*Vatumwa vakaputsika (mweya yakaipa,  
madiabori) Vanoda Kuisa  
Vanhu muGehena*

...ndokundотора mimwe mweya minomwe inoukunda pakuipa  
....

—Ruka 11.26b

Zvino Mweya anoreva pachena, achiti, panguva dzinouya vamwe vachatsauka pakutenda, vachitere-ra mweya inonyengera nedzidziso dzemweya yakaipa.

—1 Timotia 4.1

## 8 NDIANI UYENDEZVIPI ZVINOVMGESESWA NASATANI

*Munhu, akasikwa Mumu fananidzo waMwari*

Zvino wakati achauya, mweya wakaipa ukamuwisira pasi, ukamubvundisa zvikuru. Asi Jesu wakarayira mweya wetsvina, akaporesa mwana, akamudzoserwa kuna baba vake. —Ruka 9.42

*Mhuri—Kuropafadza kwaMwari*

Ndicharopafadza ivo vanokuro-pafadza; unokutuka, ndichamutuka vo; marudzi ose enyika acharopafadzwa mauri. —Genesi 12.3

*Kristu (Mwari Munyama) Neruponeso Muunhu Hwake neRopa Dzvene*

Zvino Herode, . . . wakatsamwa

kwazvo kwazvo; akatuma vanhu kundouraya vana vavakomana vose vaiva muBetrehema . . . vaiva namakore maviri navaduku kwavari, iri nguva yaakanzwisisa kuvachenjeri. —Mateo 2.16

*Satan anoita nharo—NeShoko raMwari*

Ndizvo here kuti Mwari wakati: . . . ? Nyoka ikati kumukadzi: Hamungafi zvirokwazvo.

—Genesi 3.1b, 4

*Vatendi Vakabarwa NoMweya*

. . . muvengi wenyu Diabori, anofamba-famba seshumba inorira, ichitsvaka waingadye.

—1 Petrosi 5.8

*Unoedzesera Rupau rweu chengeti*

Hakuchavizve nechinhu chakutukwa kwete. Chigaro choushe chaMwari necheGwaiiana chichava mukati maro; uye varanda vake vachamushandira; vachabva vaona chiso chake, nezita rake richava pahuma dzavo.

—Zvakazarurwa 22.3, 4

*(Tarisai kuedzesera kwaSatani, papeji 35.)*

*Unominamisa Evangeri Nemanypopo*

... asi kuti kuna vamwe vanhu vanokukanganisai, vachida kushandura Vangeri yaKristu.

—VaGaratia 1.7b

*Unoedzesera Vashumiri VaMwari*

Nokuti vanhu vakadai vano-

ngova vapostori venhema, vashandiri vanonyengedzera, vanozvishandura vachizviita vapostori vaKristu. Hazvimboshamisi kwete! Nokuti iye Satani anozvishandura achizviita mutumwa wechiedza. —2 VaKorinte 11.13, 14

*Zvishamiso ZvaMwari neZvishamiso zvenhema*

*2 VaTes. 2.9; Zva. 13.13, 14; 19.20*

*Sezvo Kristu achitonga munhu anomunamata muzvokwadi naizvozvovo Satani unotonga kune vanhu vanomunamata iye kana zvimwari zvake.*

Jehova Mwari wedu, mamwe madzishe kunze kwenyu akanga akatibata. —Isaya 26.13a

Vana, zvichenjererei pazvifananidzo zvinopirwa. —1 Johane 5.21

Usava navamwe vamwari kuzve kwangu. Usazviitira mufananidzo wakavezwa, kana uri mufananidzo wechinhu chiri kudenga kumsoro, kana wechiri panyika pasi, kana wechiri mumvura pasi penyika. Usafugamira izvozvo, kana kuzvishumira.

—Eksodo 20.3-5a

*Vamwe vamwari vanonyangadza Mwari Kubaira vanhu Kunorambidzwa*

Munofanira kuparadza chose nzvimbo dzose, apo, ndudzi dzose dzamunopiwa kuti dzive dzenyu, padzaishumira vamwari vadzo, pamakomo marefu, napazvikomo,

napasi pemiti mitema yose. Uchenjere kuti urege kunyengerwa kuzodzitevera, idzo dzamboparadzwa pamberi pako. Usaitira Jehova Mwari wako saizvozvo; nokuti ivo vakaitira vamwari vavo zvose zvinonyangadza Jehova, nezvaanovenga; nokuti kunyange vanakomana vavo navanasikana vavo vanovapisira vamwari vavo pamwoto.

—Deuteronomio 12.2 na 30a, 31

Ndingamuvigira dangwe rangu pamsoro pokudarika kwangu, icho chibereko chomuviri wangu pamsoro pezvivi zvomweya wangu here?

—Mika 6.7b

*Ropa raKristu rinosuka zvitadzo*

Ivava vakatsinha chokwadi chaMwari nenhema, vakanamata nokushandira zvisikwa kukunda Musiki, iye uya anokudzwa kusvika kusingaperi. —VaRoma 1.25

Asi Mwari wedu uri kudengadenga; wakaita zvose zvaakada. Zvifananidzo zvavo isirveri nendarama, basa ramavoko avanhu. Zvinemiromo, asi hazvitauro; nameso zvinawo, asi hazvivoni; zvinenzeve, asi hazvinzwi; nemhino zvinadzo, asi hazvinhuwidzi; zvinamavoko, asi hazvibati; namakumbo zvinawo, asi hazvifambi; hazvitauro napahuro pazvo. Ivo vanozviita vachafanana nazvo; zvirokwazvo, navose vanovimba

nazvo. Iwe Israeri, vimba naJehova; ndiye mubatsiri wavo nenhovo yavo. —Mapisarema 115.3-8

*Kunamata Zvifananidzo kunamata Diabori*

...ibvai matiza kunamata zvifananidzo. Kwete, asi ndinoti zviya zvinobayirwa navahedeni, hazvibayiri Mwari kwete, asi mweya yakaipa. Zvino handidi kuti muwadzane nemweya yakaipa. —1 VaKorinte 10.14b na 20

Navanonamata zvifananidzo, ... mugove wavo uri mudziva rinopfuta nomwoto nesarufa; ndirwo rufu rwechipiri.

—Zvakazarurwa 21.8b

## KUNAMATA ZVIFANANIDZO (KANA DIABORI) ZVINOVENGWA NAMWARI

*Mwari anoparadza ndudzi nekuda  
kwezvifananidzo zvavo.*

Uchaisa vo madzimambo avo mumavoko ako, kuti urozve mazita avo pasi pedenga; hapanomunhu ungagona kumira pamberi pako, kusvikira wavaparadza. Munofanira kupisa mifananidzo yavo yakavezwa yavamwari vavo; . . . nokuti zvinonyangadza pamberi paJehova Mwari wako; usapinza chinonyangadza mumba mako, kuti iwe urege kuva chinhu chakayeriswa saicho. —Mateo 7.24-26a

*Ngenyi, ruzhinji rwerudzi Rwakatsarwa  
naMwari vaiva nemweya Yakaipa  
panguva yehushumiri hwaKristu*

*Vadziteteguru vavo vainamata vadiabori.*

Vakashumira zvifananidzo zvavo; izvo zvikava musungo kwavari. Zvirokwazvo, vakabayira mweya yakaipa vanakomana vavo navanasikana vavo. Saka kutsamwa kwaJehova kwakamukira vanhu vake, Akasema nhaka yake.

—Mapisarema 106.36, 37 na 40

Usafugamira izvozvo, kana kuvishumira; nokuti ini Jehova, Mwari wako, ndiri Mwari unegodo; ndinorova vana nokuda kwezvivi zvamadzibaba avo, kusvikira kurudzi rwechitatu norwechinnawavanondivenga.

—Eksodo 20.5

**Usarega muroyi ari mupenyu.**  
—Eksodo 22.18

**Ndicaparadza vuroyi pamavoko enyu, hamungazovi navafemberi.**  
—Mika 5.12

**Nokuti kumukira Jehova kwakafanana nechivi chokuvuka, vuye kusindimara kwakafanana nokunamata kuzvifananidzo neterafimi. Zvawakaramba shoko raJehova, naiye wakakuramba vo, kuti urege kuva mambo.**  
—I Samueri 15.23

**Zvino kana wasvika munyika yaunopiwa naJehova Mwari wako, usadzidza kutevera zvinonyangadza zvendudzi idzo. Pakati pa-**

**ko hapafamiri kuwanikwa munhu unopinza mwanakomana wake kana mwanasikana wake mumwoto, kana unovuka, kana unotenda mashura, kana unoita mazango, kana muroyi, kana nganga, kana unobvunza masvikiro, kana muvuki, kana unobvunza vakafa. Nokuti vose vanoita zvinhu izvi vanonyangadza Jehova; nokuda kwezvinonyangadza izvi Jehova Mwari wako unovadzinga pamberi pako.**  
—Deuteronomio 18.9-12

**Kubvunza vakafa:** Nzira yeku taura zvizhazoitika nepamusaka pekubvunza mweya yovakafa; uroyi.

## 14 KUBATSIRWA NE VANADIABORI PAKUFEMBERA ZVICHAUYA

*Mwari anorambidza kuverenga nyenyedzi, kufembera, kuzvicheka nokuisa mavanga panyama yedu.*

Musadya chinhu chineropa racho; musaita mazango, kana kute nda mashura. Musazvicheka miviri yenyu nokuda kwavakafa, kana kuzvitema nyora; ndini Jehova.

—Revitiko 19.26 na 28

Asi kana muri'mi, regai kuterera vaprofito venyu, kana vavuki venyu, kana kurota kwenyu, kana vafemberi venyu, kana vavroyi venyu.

—Jeremia 27.9a

Ndichava chapupu chinokurumidza pamsoro pavaroyi, napamsoro pemhombwe, napamsoro

pavanopika nhema . . . .

—Maraki 3.5b

Nokuti terafimi dzakataura zvisinamature, vavuki vakavona nhema, vakavudza vanhu kurota kwenhema, vanovaraidza pasina; saka vanozviindira samakwai, vanotambudzika nokushaiwa mufudzi.

—Zekaria 10.2

*Vimbai noMufudzi wechokwadi*

Jesu wakati, “Mwoyo yenyu ngairege kutambudzika; tendai kuna Mwari, mutendewo kwandiri.”

—Johane 14.1

**Kuvuka:** Kududzira zvichauya, kana zvisingazivikanwi nenzira dzemanyepo.

**Unganga:** Mashura anoitwa nerubatsiro rwemweya yakaipa.



*Kuuka nomweya yakaipa*

Zvino kana vachiti kwamuri: Bvunzai masvikiro navavuki, vanorira nokuita zeve-zeve—ko vanhu havafaniri kubvunza Mwari wavo here? —Isaya 8.19a

*Kushandisa mitezo yemiviri nemifananidzo*

Nokuti mambo we-Babironi wakanga amire pamharadzano dzenzira, pakuvamba kwenzira mbiri, kuti abvunze nokuvuka; akazunungusa miseve, akabvunza terafimi, ndokucherekedza chiropa.

—Ezekieri 21.21

*Kuuka nokushandisa tumiti*

Vanhu vangu vanobvunza mano padanda ravo, vanoziwiswa ne-

tsvimbo yavo; nokuti mweya wokufeva wakavatadzisa, vakapata, ndokurasha Mwari wavo.

—Hosea 4.12

*Kurangwa pamusoro pekuvuka*

Naizvozvo Sauro akafa nokuda kwokudarika kwake kwaakaitira Jehova, vuye nokuda kweshoko raJehova raasina-kuchengeta; vuye nokuti wakatsvaka mano kuvikiro, kubvunza naro, akasabvunza Jehova.

—I Makoronike 10.13, 14a

Vavoni vachanyadziswa, navavuki vachakanganiswa; . . . nokuti hakunemhinduro inobva kuna Mwari.

—Mika 3.7

*VaHedeni vanotevera Kudzidza kwe  
nyenyedzi*

**Zvanzi naJehova: Regai kudzi-  
dza tsika dzamarudzi avanhu, mu-  
savunduswa nezviratidzo zvoku-  
denga; nokuti marudzi avanhu a-  
novunduswa nazvo. —Jeremia 10.2**

Usavimba netsamba kana zvinhu zvino-  
itisa “rombo rakanaka” kana kuzvipa kune  
dzimbo dzakaipa nemifananidzo yaka-  
ipa. “**Handingavavariri chinhu chakaipa.**”  
—Mapisarema 101.3a. Tiza kudada unye-  
ngeri nerudzidziso rwakafa.

**Muchaone nhamo, . . . vanye-  
ngeri! . . . asi mukati muzere na-  
mafupa avakafa netsvina yose.  
Saizvozvo nemiwo munoonekwa**

navanhu, kunze kwenyu, makaita  
samakarurama, asi mukati muze-  
re nokunyengedzera nokudarika  
mirayiro. —Mateo 23.27, 28

*Kuzvisungirira Kunobva kuna Diabori*

Usatenda manyepo aSatani kana mweya  
yakaipa kuti kuzviuraya kunounza rusunu-  
nguko kuzvinetso kana kutadza. “**Usavura-  
ya.**” —Eksodo 20.13.

*Kristu oga ndiye anosunungura  
pachitadzo*

*(Tarisai papeji 48 ne 49.)*

**Jehova ndiro simba rangu no-  
rwiyo rwangu; iye wakava rupone-  
so rwangu; uyu ndiye Mwari wa-  
ngu, ndichamurumbidza; Mwari  
wababa vangu, ndichamukudza.**

—Eksodo 15.2

*Munevaprofita vamanyepo*

**Ipapo Jehova akati kwandiri: Vaprofita vanoprofita nhema muzita rangu; ini handina-kuvatuma, ini handina-kuvaraira, kana kutaura navo; vanokuprofiterai zvinonzi zvakavonekwa asi dziri nehema, nezvakavukwa, nezvisinamatu, nokunyengera kwemwoyo yavo. —Jeremia 14.14**

**Nokuti kuchauya vanaKristu venhema, navaprofita venhema; vachaita zviratidzo zvinoshamisa, kuti kana zvichibvira, vatsause vakasanangurwa. —Marko 13.22**

*Pane kutaura nevakafa*

Afemerwa naMwari Mambo Davidi wa-

kati achitaura nemwana wake, “**Asi zvinowafa hake, . . . asi iye haangadzokeri kwandiri.**” —2 Samueri 12.23

Usataura nemweya yakaipa kunze kwekuidzinga muzita ra Kristu. Usavimba nekuverenga chanza, nema “ouija boards” nhumbi neuroyi. “**Asi kukunda kunobva kunaJehova.**” —Zir. 21.31b

*Paradzai zvifananidzo, mabuku aDiabori*

**Vamwezve kuna vaya vaiita zvounganga, vakaunganidza mabuku avo, vakaapisa pamberi pavanhu vose. Nenzira iyi shoko rakakura nesimba, rikakunda. —Mabasa Avapostori 19.19a, 20**

*(Verengai Gen. 35.2-5.)*

## 18 KRISTU WAKASIKA KUROORANA—ASI SATANI UNOISHANDURA

*Kusangana kwakaitirwa  
Varoorani chete*

Norumbabvu urwo Jehova Mwari rwaakatora pamunhu, akaita mukadzi narwo, akamuisa kumunhu. Naizvozvo munhu unofanira kusiya baba vake namai vake, anamatire mukadzi wake, vave nyama imwe.

—Genesi 2.22 na 24

Kuwanana ngakukudzwe navanhu vose, nenhoo ngairege kuva nechakaipa, nokuti Mwari anozotonga mhombwe navanofeva.

—VaHeberu 13.4

Zvino vaya vakawana, ndinorayira, asi handizini ndinodaro kwete, ndiShe, kuti mukadzi nga-

arege kubva pamurume wake; asi kana achibva, ngaagare akadaro asingawanikwizve, kana kuti ayanane nomurume wake; uyezve kuti murume arege kuramba mukadzi wake. —1 VaKorinte 7.10, 11

*(Tarisai VaRoma 7.2; Marko 10.9.)*

*Satani anokurudzira kusateerera*

Uya, anoita zvitadzo, ndowa-Diabori, nokuti Diabori anoita zvitadzo kubva pakutanga.

—1 Johane 3.8a

*Uri munhu waiye waunoteerera*

Ko hamuzivi here kuti uya wamunozvipa kwaari kuti muve varanda vake kuzomuterera, kuti muri varanda vaiyeyo wamunoterera. —VaRoma 6.16a

Usaita vupombwe.

—Eksodo 20.14

Nokuti uku ndiko kuda kwa-Mwari, kwokuti muve vatsvene kuti murege upombwe.

—1 VaTesaronika 4.3

Munhu unoitwa vupombwe nomukadzi womumwe, iye unoitwa vupombwe nomukadzi wowokwake, zvirokwazvo mhombwe nechifeve vose vachavurawa.

—Revitiko 20.10

*Chitadzo chinotadzira muviri wako*

Asi muviri womunhu hauzi woupombwe, asi ndowaShe; naShe ndowomuviri. Hamuzivi here kuti miviri yenyu mitezo ya-

Kristu? Tizai upombwe. Zvitadzo zvose, zvinoitwa nomunhu, zviri kunze kwomuviri wake; asi uya anoitwa upombwe, anotadzira muviri wake.

—1 VaKorinte 6.13b, 15a na 18

*Vabereki vanofanira kurambidza upombwe*

Usaisa mwanasikana wako, uchimuita chifeve; kuti nyika irege kupata, nyika izare nezvakaipa.

—Revitiko 19.29

**Upombwe:** Kusangana kwevasina kuroorana.

**Upombwe:** Kusangana nemunhu wausina kuroorana naye.

Nokuti vanhu vose sezvavanofa muna Adamu, saizvozvowo vose vachararamiswa muna Kristu.

—1 VaKorinte 15.22

Naizvozvo, vana zvavakagoverwa ropa nenyama, naiyewo wakagovana navo pana izvozvi; kuti nokufa kwaakaita, aparadze uya ane simba rorufu, iye Diabori, agosunungura vaya vaiva varanda paupenyu hwavo hwose nokuda kwokutya rufu.

—VaHeberu 2.14, 15

Mwanakomana waMwari wakaoneswa nemhosva iyi yokuti aparadze mabasa aDiabori.

—1 Johane 3.8b

Akabva atorera madzishe namasimba nhumbi, akavabudisa pachena, akavakunda nawo.

—VaKorose 2.15

*Kusaizofa kuri mwatiri muna Kristu*

Wakatiponesa, akatidana noku-dana kutsvene, zvisingabvi pama-basa edu kwete, asi pakufunga kwake iye, nenyasha dzaakatiitira muna Kristu Jesu nguva dzisati dzavapo, asi kwakaraidzwa zvino nokuonekwa kwoMuponesi wedu, Kristu Jesu, iye wakaparadza rufu, akabudisa pachena upenyu nokusaora nenzira yeVangeri.

—2 Timotia 1.9, 10

Muvengi wenyu Diabori, ano-famba-famba seshumba inorira, ichitsvaka waingadye. Mumudzivise, mumire nesimba paku-tenda. —1 Petrosi 5.8b, 9a

Shongai nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari, mugogona kumira muchirwa namano aDiabori. Nokuti hatirwi nenyama nero-pa kwete, asi tinorwa navabati, navane simba, namadzishe enyika erima rino, nemweya yakaipa yomudenga. . . .kuti mugogona kudzimirira pazuva rakaipa, . . . Nai-zvozvo mirai makasunga zviuno zvenyu nechokwadi, makapfeka chidzitiro chechifuva chokuruma; patsoka dzenyu makasunga

kugadzirirwa kweVangeri yorugare. Pamwe chete nezvizvi zvose, ibvai matora nhoo huru yokutenda yamunozogona nayo kudzima miseve yose yomwoto yowakaipa. Gamuchiraiwo ngowani yoruponeso, nebakatwa roMweya, iro Shoko raMwari. Rambai muchinamata nguva dzose muMweya, nokunamata kwose.

—VaEfeso 6.11-18a

Naizvozvo muzviise pasi paMwari, asi dzivisai Diabori, agokutizai. —Jakubosi 4.7

Nokuti uya, ari (Kristu) mamuri, mukuru kukunda uya ari (Satan) munyika. —1 Johane 4.4b

Ngenyi Satani achitiza: Kristu uri mamuri.

*Iye Inzwi RaMwari*

Mwari . . . zvino pakupedzisira kwamazuva ano wakataura kwati-ri muMwanakomana wake, waakagadza kuti ave mugari wenhaka yezvinhu zvose, waakaitawo nyika naye. —VaHeberu 1.1a, 2

Vakashamiswa nokudzidzisa kwake, nokuti wakavadzidzisa somunhu ane simba, asingaiti savanyori. —Marko 1.22

Asi kana tirisu, kunongova naMwari mumwe chete, ivo Baba; maari ndimo makabva zvinhu zvose, nesu tiripo nokuda kwake; uye Ishe mumwe chete, iye Jesu Kristu; zvinhu zvose zvakavapo

naye, nesuwo tiripo naye.

—1 VaKorinte 8.6

Vakamupa simba rokutonga, nokuti ndiye Mwanakomana wemunhu. —Johane 5.27

Iye ari kurudyi rwaMwari; wapakinda kudenga, vatumwa namadzishe namasimba zvikaiswa pasi pake. —1 Petrosi 3.22

Nokuti ndizvo zvakafira Kristu akararamazve, kuti agova Ishe wavo vose, vakafa navapenyu.

—VaRoma 14.9

Jesu ndokusvika, akataura navo, akati: Ndakapiwa simba rose kudenga napasi. —Mateo 28.18



Akamuka, akarayira mhepo, akati kungungwa: Nyarara, udzikame! Mhepo ikanyarara, kudzikama kukuru kukavapo.

—Marko 4.39

*Wairapa Nesimba*

Asi kuti muzive kuti Mwana-komana womunhu ane simba panyika rokuregerera zvitadzo, akati kumunhu wakanga akafa mitezo: Ndinoti kwauri: Simuka, tora mubeda wako, uende kumba kwako! Pakarepo akasimuka, akatora mubeda, ndokubuda pamberi pavanhu vose; naizvozvo vose vakashamiswa vakarumbidza Mwauri.

—Marko 2.10-12a

*Kristu unobudisa mweya yaikaipa*

Mweya wetsvina ukamubvundisa, ndokudanidzira nezwi guru, ukabuda maari. Zvino vose ndokushamiswa kwazvo, nokudaro vakaita nyaya vachiti: Chinyiko ichi? Kudzidzisa kutsva, kune simba! Kunyange nemweya yetsvina anoirayira ichimuterera.

—Marko 1.26, 27

*Waimutsa vakafa nesimba*

Akati: Jaya, ndinoti kwauri: Chimuka. Uya wakanga afa akabva amuka, akagara, ndokutanga kutaura, akamupa mai vake.

—Ruka 7.14b, 15

## KRISTU ANOPA VATEVERI VAKE SIMBA NEKU KURIRA MUVENGI

Tarirai, ndakakupai simba ro-kutsika pamusoro penyoka nezvi-nyavada, nerokukunda simba ro-se romuvengi; hakuna chinhu chi-ngambokukuvadzai kwete.

—Ruka 10.19

Zvino wakaunganidza vane gu-mi navaviri, akavapa simba nechikuriri pamusoro pemweya ya-kaipa yose, nokurapa zvirwere.

—Ruka 9.1

Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Mumwe nomumwe anoti kugomo iri: Simudzwa, ukandwe mugungwa, asingazezi kutenda mumwoyo make, asi achitenda kuti

zvinhu zviya zvaanenge areva zvichaitika, achava nazvo.

—Marko 11.23

Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Uyo, anotenda kwandiri, mabasa andinoita, iye achaitawo mabasa andinoita.

—Johane 14.12a

Jesu akati kwaari: Kana zvirivokugona, zvose zvinogoneka kuna anotenda.

—Marko 9.23

Uyezve kuti simba rake kwatiri isu tinotenda, rakanyanyisa kukura zvakadini, sokushanda kunoita simba rake guruguru.

—VaEfeso 1.19

*Anyaradze; Adzinge muzita raJesu*

Nokuti wanga ati kwaari: Buda mumunhu, iwe mweya wetsvina! Akamubvunza, akati: Zita rako ndianiko? Akati kwaari: Zita rangu ndini Rigioni, nokuti tiri vazhinji. . . . Mweya yetsvina ikabuda ikapinda munguruve . . . .

—Marko 5.8, 9 na 13b

Jesu . . . akarayira mweya wetsvina, akati kwauri: Iwe, mweya woumbeveve nowoumatsi, ndinokurayira kuti ubve maari, urege kupindazve maari! Ukabva waridza mhere, ukamubvundisa kwazvo, ukabuda; . . . Rudzi urwu ha-

rungatongobudi, asi nokunamata.

—Marko 9.25b-27 na 29b

Pauro . . . akatendeuka, akati kumweya: Ndinokurayira muzita raJesu Kristu kuti ubude maari. Ukabuda nenguva iyeyo.

—Mabasa Avapostori 16.18b

Ipapo Jesu akaurayira achiti: Nyarara, budamo maari! Mweya wakaipa ukamuwisira pasi pakati pavo, ukabuda maari, usina kutongomukuvadza. Vakabatwa nokutya vose, vakataurirana vachiti: Iri ishokoiko? Nokuti anorayira mweya yetsvina nechikuriri nesimba, ichibva yabuda.

—Ruka 4.35, 36

Saka Mwari wakamukudza zvikuru, akamupa zita rinokunda mazita ose; kuti muzita raJesu mabvi ose afugame.

—VaFiripi 2.9, 10a

Uyezve chinhu chipi nechipi chamunokumbira muzita rangu, ndichachiita, kuti Baba vago-kudzwa muMwanakomana.

—Johane 14.13

Ndapedza kutora mudzimai wangu nemhuri ngekutenda, kuendazve ku Afrika kundoshandira Kristu, ndakamuka umwe usiku paine zimweya rakaipa pamusoro pangu. Apo ndakafambisa ibvi rangu pane rakewo kuti ndiane ndezvezvokwadi here. Iwo wakasandidzira ibvi rangu ndokumhanya kuuya kuzondidzira. Ndakawana nguva yokuti chete “Jesu ndibatsirei.” Pakarepo rakabva raenda, handina kuzombova nechinhu chakadaro kwemakore makumi maviri-nemasere apfuura. Pane simba rinotyisa, muZita raJesu Kristu pana Satani nemweya yakai pa. Danidzira Zita raKristu uchida ruponeso kana kusunungurwa. (VaRoma 10.13)

Umwe mukadzi waKaudza mudzimai wangu kuti apo vachiri kukoriji, umwe mujaya wakaenda naye kunjanji Pane imwe nzvimbo mujaya wakaedza kumuuraya achida kuti zvigonzi mukadzi aurawa nechitima.

Mukadzi akarayira mujaya neZita raJesu Kristu, mujaya akashaya simba pamusoro pemukadzi. Musimba raJesu akaita kuti mujaya afambe pamberi pake kusvika vasvika kukoriji.

Umwe mukadzizve akaudza mudzimai wangu kuti mumazuva eusikana hwake wakavhurira imba yake kune vanhu vanoshopera. Zvopera kudaro mweya yakaipa yakaramba ichifambisa midziyo yemuimba imo. Agumirwa akadzinga mweya iyi muZita raJesu. Gare gare achibva azvipa zvachose kuna Jesu Kristu.

Usanzwira tsitsi Satani nemweya yakaipa. Donzo razvo nderekuti upindirane nazvo pana Mwari. Mukristu akwegura, waineta muviri nekunzwamusoro usingafungi zvakanaka, wakandiudza zvinhu zvaaiudzwa naSatani. Wakafunga kumboedza zvokwa Satani. Ndakamuudza kuti Satani mukuru pakunyengera vanhu haufaniri kutenda mazwi ake. Ndakatuka Satani muZita raJesu Kristu rine Simba. Murume uyu akati. “Ndinofara wauya usiku huno.” Murume uyu wakava nerunyararo kwemavhiki mashanu asati afa.

—*Watson Goodman*

*Kristu ndi Mwari Musiki*

Nokuti zvinhu zvose zvakasi-  
kwa maari, zviya zviru kudenga  
nezviru panyika, zvinoonekwa ne-  
zvisingaonekwi, kunyange zviga-  
ro zvoushe, kunyange ushe kana  
umambo kana masimba; zvinhu  
zvose izvi zvakasikwa naye uye  
zvakasikiwa iye. —VaKorose 1.16

*Kristu unopa rujeko nerunyararo*

Kuvenekera vaya vagere muri-  
ma nomumumvuri worufu; noku-  
ratidzira tsoka dzedu munzira  
yorugare. —Ruka 1.79

Zvino Ishe worugare pachake  
ngaakupei rugare misi yose nenzi-  
ra dzose. —2 VaTesaronika 3.16a

*Mweya yakaipa naSatani zvinopa-radza*

Mbava haina chainovinga, asi  
kuti ibe nokuuraya nokuparadza.

—Johane 10.10a

Uchaone nhamo iwe nyika newe  
gungwa, nokuti Diabori waburu-  
kira kwamuri, akatsamwa kwa-  
zvo, nokuti anoziva kuti anongo-  
va nenguva duku.

—Zvakazarurwa 12.12b

*Satani anopa rima nokurwadziwa*

Nzira yavakaipa yakaita seri-  
ma; havazivi chingavagumbusa.

—Zirevo 4.19

Mufumi akafawo akavigwa.  
Zvino ari muHadesi, wakamuru-  
dza meso ake achirwadziwa zviku-  
ru. —Ruka 16.22b, 23a

*Kristu iChokwadi*

Shoko riya rakazova nyama, rikagara pakati pedu, tikaona kubwinya kwake, sokubwinya kwowakaberekwa achingova mumwe chete waBaba, azere nenyasha nechokwadi. Kana imi muchigara mushoko rangu, muri vadzidzi vangu nechokwadi; uye muchaziwa chokwadi, chokwadi chikakusunungurai.

—Johane 1.14 na 8.31b, 32

*Kristu akazara norudo*

Izvi ndizvo zvatinoziva rudo nazvo, zvokuti wakatirasira upenyu hwake; nesuwo tinofanira kurasira hama upenyu hwedu.

—1 Johane 3.16

*Satani ndiBaba wemanyepo*

Imi munobva kuna baba venyu Diabori; zvino munoda kuita kuda kwababa venyu. Iye waiva murayi kubva pakutanga; uye haamiri muchokwadi, nokuti maari hamuna chokwadi. Kana achireva nhema, anoreva zvake iye, nokuti ndiye wenhema, uye ndiye baba vadzo.

—Johane 8.44

*Satani anokurudzira ruvengo*

Kana nyika ichikuvengai, muzive kuti yakandivenga isati yakuvengai imi.

—Johane 15.18

Zvino mabasa enyama ari pachena, . . . noruvengo, . . . nokutsamwa . . . —VaGaratia 5.19a, 20

*Kristu anochenesa mweya*

Asi kana tichifamba muchiedza, saiye ari pachiedza, tinowadzana pachedu; neropa raJesu Kristu, Mwanakomana wake, rinotichenesa pazvitadza zvose. —1 Johane 1.7

*Kristu anosunungura pazvivi*

Zvino, zvatakaruramiswa muro-pa rake, tichanyanya kuponeswa kwazvo naye pahasha dzaMwari.

—VaRoma 5.9

*Kristu anopa upenyu husingaperi*

Upenyu husingaperi ndihwo kuti vakuzivei imi Mwari, munongova wechokwadi moga, naJesu Kristu, wamakatuma. —Johane 17.3

*Satani anosvibisa mweya*

Musanyengedzerwa; Mwari ha-

asekwi; nokuti izvo zvinodzvara munhu, ndizvo zvaanozokohwa-wo. Nokuti munhu anodzvarira nyama yake, achazokohwa kuora, kunobva panyama.

—VaGaratia 6.7, 8a

*Satani anonyengera vanhu kuhupi*

Uya, anoita zvitadzo, ndowa-Diabori, nokuti Diabori anoita zvitadzo kubva pakutanga.

—1 Johane 3.8a

*Satani anotungamirira kuRufu rusingaperi*

... mashawi ndivo vanakomana vowakaipa. Muvengi wakakusha ndiye Diabori; ... Zvino mashawi sezvaanounganidzwa achipiswa mumwoto. —Mateo 13.38-40a



*Ndiye muchinda wenyika ino iye zvinu*

Handichataurizve (Jesu) zvinhu zvizhinji nemi, nokuti muchinda wenyika ari kuuya, asi haana chaanacho pandiri. —Johane 14.30

*Satani Muchinda. Kana zvinhu zvisinganaki, shoorai iye*

Kuchenjera uku hakubvi kumuroro kwete, asi ndokwenyika, kwechizvarirwo chavanhu, kwo-mweya wakaipa. Nokuti paya panenge pane godo nenhoro, ndipo pano kunyongana namabasa ose akaipa. —Jakubosi 3.15, 16

Kana zvichibvira Satani anoparadza rusununguko rwokunamata Kristu pachena. Haagani kuparadza rudo rwepamoyo kuna Kristu. Chengetai kutenda!

*Vimbika kuna Kristu kusvika parufu*

Zvino vakataka Stefano, achidanidzira achiti: Ishe Jesu, gamuchirai mweya wangu. Akafugama, akadanidzira nezwi guru, achiti: Ishe, musavapa mhosva yechitadzo ichi. Kuzoti areva izvozvo, wakavata rufu.

—Mabasa Avapostori 7.59, 60

*Umambo hwenyika hwaKristu*

Kukura kwovumambo bwake nokworugare hazvinamugumo, agare pachigaro chovushe chaDavidi napavushe bwake, avusimbi-se avutsigire nokururamisira nokururama kubva zvino kusvikira panguva isingaperi. —Isaya 9.7a

*Munhu wokutadza unopiwa  
simba naSatani*

Zvino hama dzangu, tinokumbira kwamuri pane zvokuuya kwaShe wedu Jesu Kristu, nezvokusangana naye kwatichaita. Ngakurege kuva nomunhu anokunyengetzerai nenzira ipi neipi; nokuti harisviki kana kutsauka kusati kwatanga kuuya, nouya munhu wokutadza asati amboonekwa, iye mwanakomana wokurasika; iye uya anorwisana nezvinhu zvose zvinonzi Mwari, kana zvinonamata, achizvikudza pamusoro pazvo, zvokuti anogara mutembere yaMwari, achizviita mwari. Ipapo

iye asakarurama achaonekwa, uya, achazourawa naShe Jesu nomweya womuromo wake, achimushayisa simba nokuonekwa kwokuuya kwake. Kuuya kwake iye kwakaita mwene sokushanda kwaSatani pamasimba ose, napa-zviratidzo nezvinoshamisa zvenhema.

—2 VaTesaronika 2.1, 3, 4, 8-9

Shato (Satani) ikachipa simba rayo, nechigaro chayo choushe, namasimba makuru. . . . chikabva chapiwazve simba pamusoro pamarudzi ose, navanhu vose, nendimi dzose, nendudzi dzose.

—Zvakazarurwa 13.2b na 7b

Uchataura mashoko okumhura  
Wokumsorosoro, uchaparadza va-  
tsvene, vuye uchatsvaka mano o-  
kushandura nguva nemirairo; ivo  
vachaiswa mumavoko ake kusvi-  
kira nguva imwe nedzimwe ngu-  
va, nehafu yenguva. Asi kutonga  
kuchatanga, vachabvisa simba ra-  
ke, kuti varipedze nokuriparadza  
kusvikira pakuguma.

—Danieri 7.25, 26

Chikapiwa simba rokuti chizvi-  
ite mwedzi ina makumi mana ne-  
miviri. Chikashama muromo wa-  
cho kuti chigoshonha Mwari, no-  
kushonha zita rake netabernakeri  
yake, navaya vanogara kudenga.

Chikazopiwazve simba rokuti chi-  
rwe navatsvene, chichivakunda;  
chikabva chapiwazve simba pa-  
musoro pamarudzi ose, navanhu  
vose, nendimi dzose, nendudzi  
dzose. Zvino vanhu vose vanogara  
panyika vachachinamata, chero  
agere kunyorwa zita rake mubuku  
reGwaiana rakabayiwa kubva pa-  
kusikwa kwenyika. Ane nzeve,  
ngaanzwe. —Zvakazarurwa 13.5b-9

Irwa kurwa kwakanaka kwoku-  
tenda, ubatisise upenyu husinga-  
peri, hwawakadanirwa kwahuri,  
ukapupura kupupura kwakanaka  
pamberi pezvapupu zvizhinji.

—1 Timotia 6.12

*Mutungamiri wezvekuna-mata wepasi unobatsira Antikristu kunyengera Nyika. Munamate kana kuti ifa!*

Chinonyengedzerawo vaya vanogara panyika nezviratidzo zva-chakapiwa kuti chizviite pamberi pechikara chiya, chichitaurira vaya vanogara panyika kuti vaitire chikara mufananidzo, chiya chakanga chine vanga rebakatwa chikarama. Chikapiwa simba rokupa mufananidzo wechikara mweya, kuti mufananidzo wechikara utaurewo, chikaita kuti vose vasinganamati mufananidzo wechikara vaurawe. Chikara ndokubva chabatwa pamwe chete nouya muprofita wenhema, wakanga aita

zviratidzo pamberi pachos...  
Ava vaviri vakakandwa vari vapenyu mugomba romwoto unopfuta nesarufa.

—Zvakazarurwa 13.14, 15 na 19.20

*Vanhu vaMwari vanoramba vamwari vamwe*

Kana zvikaitika hazvo, Mwari wedu watinoshumira ungagona kutirwira pachoto chomwoto unopfuta kwazvo; iye uchatirwira paruvoko rwenyu, imi mambo. Asi kana zvikasaitika, zivai imi mambo, kuti hatingashumiri vamwari venyu kana kunamata chifananidzo chendarama chamakamisa imi.

—Danieri 3.17, 18

## ANTIKRISTU: MUBVUMIDZE KANAKUTI WOPARARA NENZARA 35

Uyezve chinoita kuti vanhu vose, vaduku navakuru, vafumi navarombo, vakasununguka nenhapwa, vapiwe rupau paruoko ravo rworudyi, kana pahuma yavo; kuti kurege kuva nomunhu angagone kutenga nokutengesa, kunze kwouya ano rupau, iro zita rechikara kana chiverengo chezita racho. . . . Munhu, ano kuziva, ngaverenge chiverengo chechikara; . . . chiverengo chacho mazana matanhatu namakumi matanhatu nenhanhatu [666].

—Zvakazarurwa 13.16-18

*Zuva riri nani ririkuuya Kune  
Vanotenda*

**Ndivo vaya vanobuda muku-**

tambudzika kukuru, vakasuka hanzu dzavo, vakadzichenesa muropa reGwaiiana. Saka vari pamberi pechigarro choushe chaMwari, vachimushandira usiku namasikati mutembere yake; uye uya. . . Havachazofizve nenzara kwete kana kunzwa nyotazve; havachatsvi nezuva kunyange kupiswa nokumwe kupisa zvako. Nokuti iro Gwaiiana, riri pakati pechigarro choushe, richavafudza, richivatungamirira kumatsime emvura youpenyu; Mwari achapukuta misodzi yose kumeso kwavo.

—Zvakazarurwa 7.14b-17

*Zviri nani kupinda kudenga nenzara pane muGehenna wakaguta!*

**36 VOSE VANONAMATA ANTIKRISTU VACHAPARADZWA KANA  
VANOGASHIRA RUPAWO PAMUVIRI YAWO KUTI  
VATENGE NEKUTENGESA**

Zvino mumwe mutumwa wechitatu wakavatevera, akati nezwi guru: Kana munhu akanamata chikara nomufananidzo wacho, akagamuchira rupau pahuma yake kana paruoko rwake,

Wakadai achanwawo waini yokutsamwa kwaMwari, yakadirwa isina kuvenganiswa mumukombe wehasha dzake; akabva aoneswa nhamo mumwoto nesarufa pamberi pavatumwa vatsvene, napamberi peGwaiana.

Zvino utsi hwokutambudzika kwavo hunokwira kusvikira kusingaperi-peri; havana zororo usi-

ku namasikati, ivo vaya vanonamata chikara nomufananidzo wacho, naanenge agamuchira chiritidzo chezita racho.

Ndipo pano kutsungirira kwavatsvene, vanochengeta mirayiro yaMwari nokutenda kwaJesu.

Ipapo ndakanzwa izwi richibva kudenga, richiti: Nyora, uti: Vakafa, vanofira muna Ishe, vakakomborerwa kubva zvino. Hongu, ndizvo zvinotaura Mweya, kuti vazorore havo pakushanda kwavo kukuru, nokuti mabasa avo anovatevera. —Zvakazarurwa 14.9-13

## KUKUNDA PANE RUPAU RWASATANI NEMUFANANIDZO WAKE 37 KUTSAMWA KWAMWARI KUSATI KWASVIKA PANYIKA

Vakanga vana matambudziko manomwe okupedzisira, nokuti hashu dzaMwari dzakaguma nawo. Ndikaona kuita segungwa regirazi rakavengana nomwoto, navaya, vakanga vakunda chikara nomufananidzo wacho, nechiverengo chezita racho, vamire pagungwa regirazi, vana magitare aMwari. Vakabva vaimba rwiyo rwaMosesi, muranda waMwari, norwiyo rweGwaiiana, vachiti: Ishe, Mwari wamasimba ose, mabasa enyu akakura, anoshamisa. Nzira dzenyu dzakarurama, ndezzechokwadi, imi Mambo wamarudzi avanhu. Zvino ndakanzwa

izwi guru richibva mutembere, richiti kuvatumwa vanomwe vaya: Endai mundodurura ndiro nomwe panyika, dzehasha dzaMwari.

—Zvakazarurwa 15.1b-3 na 16.1

### *Kutonga Kwevakafira Jesu*

Ndikaona mweya yavaya vakanga vagurwa misoro nokuda kwokupupura zvaJesu, nezveshoko raMwari, navaya vasina kunamata chikara kunyange mufananidzo wacho, vasina kupiwa rupau pahuma dzavo naparuoko rwavo. Vakararama ndokubata ushe pamwe chete naKristu makore anechiuru chimwe.

—Zvakazarurwa 20.4b

*Vadiabori vanokokorodza  
Marudzi Kuzorwa*

Nokuti ndiyo mweya yakaipa inoita zviratidzo, ichienda kumadzimambo enyika yose, kundovakokera kuhondo pazuva guru raMwari wamasimba ose. Zvino wakavaunganidzira panzvimbo inonzi Harmagedoni nechiHeberu.

—Zvakazarurwa 16.14 na 16

*Kristu unosunungura Nyika yake nevahhu vake vakatsarwa Isaeri*

Tarirai, ndichaita Jerusarema mukombe wokudzedzera ndudzi dzose dzavanhu vakapoteredza; . . . Nezuva iro ndichaita Jerusarema ibwe rinoremedza ndudzi dzose

dzavanhu; vose vanozvitakudza iro vachakuvadzwa kwazvo; ndudzi dzose dzenyika dzicharivunganira kuzorwa naro. Ipapo Jehova uchabuda, ndokurwa nendudzi idzedzo, sezvaakarwa nezuva rehondo. Uku ndiko kurova Jehova kwaacharova nako ndudzi dzose dzavanhu dzakarwa neJerusarema: nyama yavo ichavora vamire namakumbo avo, meso avo achavorera mumakomba avo, norurimi rwavo ruchavorera mumiro-mo yavo.

—Zekaria 12.2a, 3; 14.3 na 12

Kana Mwari achitirwira, ndianiko anozorwisana nesu? —*VaRoma 8.31b*



Nokuti hashu dzaMwari dzinoratidzwa, dzichibva kudenga, pamusoro pokuramba Mwari kwose nokusarurama kwavanhu, vanokanganisa chokwadi nokusarurama kwavo. —VaRoma 1.18

Mumuromo make makanga muchibuda bakatwa rinopinza, roku ti ateme marudzi naro. Iye pachake achaafudza netsvimbo yesimbi; uyezve iye anokanya chisviniro chehasha dzokutsamwa kwaMwari wamasimba ose. Zvino wakanga ane zita rakanyorwa pahanzu yake napachidya chake, rinonzi: **MAMBO WAMADZIMAMBO, NASHE WAMADZISHE.**

—Zvakazarurwa 19.15, 16

*Antikristu unotonga makore mashoma.  
Kristu unotonga makore anechiuru,  
ozotongazve Zvachose.*

Asi vachava vapristi vaMwari novaKristu, vachibata ushe pamwe chete naye makore ane chiuru chimwe. —Zvakazarurwa 20.6b

Zvino namazuva amadzimambo iwayo Mwari wokudenga uchamutsa vushe, vusingatongozoparadzwi, vuye simba rabgo haringapfuvuri kunorumnge rudzi rwavanhu. —Danieri 2.44a

*Marudzi ose achanamata Kristu Ishe!*

Ndudzi dzose dzamakaita dzichavuya kuzonamata pamberi penyu, Ishe, dzicharumbidza zita renyu. —Mapisarema 86.9

## 40 SATANI UNOKUNDWA MUHONDO YAKE NAMWARI

Zvino kudenga kwakamuka hondo: Mikaeri navatumwa vake vakarwa neshato, . . . Zvino shato huru iya ndokukandwa pasi, iyo nyoka iya yekare inonzi Diabori, kana Satani, munyengedzeri wenyika yose. Yakakandwa panyika, vatumwa vayo vakakandwawo pasi pamwe chete nayo. Ipapo ndakanzwa izwi guru kudenga, richiti: Zvino kwasvika ruponeso, nesimba, noushe hwa Mwari wedu, nechikuriri cha Kristu wake; nokuti uya anopomera hama dzedu mhosva, wakandwa pasi, uya anosivapomera mhosva pamberi pa Mwari wedu, usiku namasikati.

—Zvakazarurwa 12.7-10

*Zvombo zvinokundisa hondo iyi*

Ivava vakamukunda neropa re-Gwaiana, uye neshoko rokupupura kwavo; havana kuda upenyu hwavo kusvikira murufu.

—Zvakazarurwa 12.11

*Dambudziko ra Satani rokusingaperi*

Mwoto ndokubva waburuka uchibva kudenga, ukavaparadza. Zvino Diabori uya, wakavanyengedzera, wakakandwa mudziva romwoto nesarufa, paya paiva nechikara nomuprofitu wenhema; vachawoneswa nhamo usiku namasikati kusvikira kusingaperi-peri.

—Zvakazarurwa 20.9b-10

Satani waidari akateerera achifara zvikuru noKusingaperi asi wakaedza kutonga Umambo HwaMwari.

*(Verengai Isaya 14.13, 14 papeji 3.)*

*Ishe Kristu unotonga nokusingaperi*

Vukuru ndobwenyu, Jehova, ne-simba, nokubwinya, nokukunda, novumambo; nokuti zvose zviri kudenga nezviri pasi nde-zvenyu; vushe ndobwenyu, Jehova, maka-kudzwa muri musoro wezvose.

—1 MaKoronike 29.11

Nokuti vanhu vose sezvavanofa muna Adamu, saizvozvowo vose vachararamiswa muna Kristu. Asi mumwe nomumwe padzoro rake: Kristu—chibereko choku-tanga; tevere vaya vari vaKristu

pakuuya kwake; kuchiteverazve kuguma, panguva yaachazokumi-kidza ushe kuna Mwari Baba; panguva yaachaparadza kubata ushe kwose, nechikuriri chose ne-simba. Nokuti anofanira kuva mambo kudzamarara aisa va-vengi vake vose pasi petsoka dzake. Muvengi wokupedzisira, uchaparadzwa, ndirwo rufu.

—1 VaKorinte 15.22-26

Zvino mutumwa wechinomwe wakaridza hwamanda yake; ma-zwi makuru akavako kudenga, a-chiti: Ushe hwenyika hwazova hwaShe wedu nohwaKristu wake; zvino achahubata kusvikira kusi-ngaperi-peri. —Zvakazarurwa 11.15

*Satani anotadzira muviri neupombwe hwevarume, kuuraya kwemimba, nekutongwa nemweya yakaipa*

**Vanhurume, . . . vakatsva mukukara pachavo, . . . vakabva vagamuchira mubayiro wakakwana mukati mavo wokurasika . . .**

—VaRoma 1.27

**Zvinhu . . . zviriko zvinovengwa naJehova; . . . Mavoko anodurura ropa risinemhaka.**

—Zvirevo 6.16a, 17b

**Zvino unoenda, ndokutora mimi mweya minomwe inoupfuura nokuipa, ndokupinda, ndokugaramo. Kupedzisira kwomunhu uyu kwakaipa kupfuura kutanga kwake.**

—Mateo 12.45a

Tsvakai bedzi Mwari mupenyu. Regai kudanidzira kune “chimwe chimwari” kuti muzivezvichauya, kuziva pfungwa, kurapwa kana kutungamiriwa pamweya.

Satani mupandukiri waMwari, unotungamira zvese izvi. Unoshandisa vanhu mabhuku, zvinhu, kunamata kwakarasika. Zvaanoita zvingashamise nekubatsira asi zvinoisa munhu pasi pehubati hwaSatani hune utsinye. Kristu bedzi ndiye anosunungura.

Usazviise muubati hwe mweya usi Mweya Mutsvene waMwari. Tendai bedzi Bhaibheri na Ishe Jesu Kristu.

*(Tarisai Zvakaratidzwa 19.13.)*

*Yose Dzidziso inobvisa panzira yakamanikana yekuregererwa ne kuchenywa nekudzikinurwa neropa neUnhu hwaKristu ndeyemanyepo uye inonyengera.*

Jesu akapindura, akati kwavari: Chenjerai kuti murege kutsauswa nomunhu. Nokuti vazhinji vachauya muzita rangu, mumwe nomumwe achiti: Ndini Kristu; vachitsausa vanhu vazhinji. Kuchauya vaprofito venhema vazhinji, vachitsausa vazhinji.

—Mateo 24.4, 5 na 11

Nokuti kuna vazhinji vandakuudzai kazhinji, nazvino ndino kuudzazve ndichichema ndichiti, vanofamba vari vavengi vomu-

chinjikwa waKristu. Kuguma kwavo ndiko kuparadzwa kwavo, mwari wavo idumbu ravo, uye kuvirumbidza kwavo kuri pazvinhu zvinonyadza zvavo, vachifunga zvinhu zvenyika. —VaFiripi 3.18, 19

Nokuti kana muchiregerera vanhu kutadza kwavo, Baba venyu vari kudenga vachakuregereraiwo. —Mateo 6.14

*Ropa rinokosha raKristu rinodzikinura*

Muchiziva kuti hamuna kudzikinurwa nezvinoora, sesiriva kana ndarama, . . . asi makadzikinurwa neropa raKristu, seregwaiana risina charingapomerwe, risina gwaipa. —1 Petrosi 1.18, 19

*Kutongwa nenzira yechitadzo*

Nokuti isu tose tava sounetsvina, kururama kwedu kwose kwafanana nenguvo inetsvina; isu tose tinowoma seshizha, zvakaipa zvedu zvinotibvisa semhepo.

—Isaya 64.6

*Kutsamwa pamusoro pemweya  
wokusateerera*

Zviya zvamaifamba mukati mazvo kare, netsika dzenyika ino, muchitevera muchinda wesimba rechadenga, iwo mweya unoshanda zvino muvana vokusaterera. Nesuwo tose takambenge tichigara mukati mavo kare, mukuchiva kwenyama yedu, tichiita kuda kwenyama nokwokufunga kwedu;

uye pachizvarirwo chedu taiva vana vokutsamwirwa, sezvakaitawo vamwe vanhu. —VaEfeso 2.2, 3

*Satani unotonga vasino kuponeswa*

Zvino kana Vangeri yedu yakafukidzwa, yakafukidzwa hayo kuna vaya vanoparara, vasingate-ndi, vakapofumadzirwa fungwa namwari wenyika ino, kuti varege kuvenekerwa nechiedza cheVangeri yokubwinya kwaKristu, anova ndiye mufananidzo waMwari. —2 VaKorinte 4.3, 4

*Muna Kristu mune kukunda*

Saka zvino hapachina kupiwa mhosva kuna vaya vari muna Kristu Jesu. —VaRoma 8.1

Munda inyika; mbeu yakanaka ndivo vanakomana voushe; mashawi ndivo vanakomana vowa-kaipa. —Mateo 13.38

Imi munobva kuna baba venyu Diabori; zvino munoda kuita kuda kwababa venyu. —Johane 8.44a

*Muna Adamu tinopandukira Mwari*

Asiri neni, anopesana neni, naasingaunganidzi neni, anoparadza. —Mateo 12.30

Nokuti vose vakatadza, vakatira pakubwinya kwaMwari. —VaRoma 3.23

*Ndizvo saka tichifanirwa kubarwa patsva neMweya wa Kristu*

Saka kana munhu ari muna

Kristu, wava chisikwa chitsva; zvinhu zvekare zvapfuura; ona kwaya zvitsva. —2 VaKorinte 5.17

Makwai angu anonzwa izwi rangu; neni ndinoaziva, uye anonditevera. Ndinoapa upenyu husingaperi. —Johane 10.27, 28a

*Zviise pasi pa Ishe Jesu iko zvino*

Ona, zvino inguva yakafanira; ona, zvino izuva rokuponeswa. —2 VaKorinte 6.2b

Kana tichizvirevurura zvitadzo zvedu, iye wakatendeka nokururama, zvokuti anotiregerera zvitadzo zvedu, nokutichenesa pakusarurama kwose. —1 Johane 1.9

Ndianiko achatiparadzanisa norudo rwaKristu? Kutambudzika here, kana nhamo, kana kuvengwa, kana nzara, kana kushama, kana ngozi, kana bakatwa here? Kwete, pazvinhu zvose izvi, tinonyanyisa kuva vakundi naiye wakatida. —VaRoma 8.35 na 37

Nokuti chinhu chipi nechipi, chinoberekwa naMwari, chinokunda nyika; zvino uku ndiko kukunda kwakakunda nyika, iko kutenda kwedu. —1 Johane 5.4

### *Mibairo kunevakundi*

Ane nzeve, ngaanzwe zvinoreva Mweya kuchechi. Anokunda, ndichamupa mana yakavanzika, uye

ndichamupa ibwe jena, napabwe iroro achapiwa zita idzva rakanyorwapo risina anoriziva, asi uya anorigamuchira.

—Zvakazarurwa 2.17

Anokunda achichengeta mabasa angu kusvikira pakupedzisira, ndichamupa simba pamusoro pamarudzi. —Zvakazarurwa 2.26

*Unokosha kuna Mwari. Gorogota rinozvibudisa pachena. Kuti Mwari unokosha zvikuru kwauri.*

Hatiti takakwana isu pachedu kuti tifunge chinhu isu pachedu; asi kukwana kwedu kunobva kuna Mwari. —2 VaKorinte 3.5



*Onekwa pamwe chete naKristu  
Mukubwinya*

Naizvozvo, kana makamutswa pamwe chete naKristu, tsvakai zviru kumusoro, kuya kuna Kristu, kwaagere kurudyi rwaMwari. Fungai zviru kumusoro ikoko, regai kufunga zviru pasi. Kana Kristu iye upenyu hwedu, achizoonekwa, ndiyo nguva yamuchaonekwawo imi pamwe chete naye pakubwinya. Naizvozvo chiurayai mitezo yenyu iri panyika, inoti: Upombwe, netsvina, nokushumba, nokuda zvakaipa, nokuchiwa, kunova ndiko kunamata zvifanidzo. —VaKorose 3.1, 2 na 4, 5

*Kana kuti wotukwa naSatani  
nokusingaperi*

Zvino ahati kuna vari kuruboshwe: Ibvai kwandiri, imi makatukwa, muende kumwoto usingaperi, wakagadzirirwa Diabori pamwe chete navatumwa vake.

—Mateo 25.41

Wakaipa uchadzokera kuSheori, Ivo vahedeni vose, vakakanganwa Mwari. —Mapisarema 9.17

Kana ruoko rwako ruchikugumburisa, urugure; zviru nani kwauri kuti upinde muupenyu uri chirema, pakuenda muGehena, mu mwoto usingadzimwi, una maoko maviri. —Marko 9.43

*Zvininipise pachako*

Akadana mwana muduku, ndokumuisa pakati pavo, akati: Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Kana musingashanduki, mukaita sava-na vaduku, hamungatongopindi muushe hwokudenga. Naizvozvo ani nani anozvidukupisa somwana uyu muduku, ndiye mukuru muushe hwokudenga.

—Mateo 18.2-4

*Tendeuka kubva muzvitadzo*

Johane wakauya achibapatidza murenje, achiparidza rubapatidzoro rwokupinduka kuti vanhu varegererwe zvitadzo zvavo. Kuzoti Johane asungwa, Jesu wakasvika Gariria, achiparidza Vangeri ya-

Mwari, achiti: Nguva yazadziswa, ushe hwaMwari hwaswadera pedyo; pindukai, mutende Vangeri.

—Marko 1.4 na 14, 15

Ndinoti kwamuri, kwete; asi kana musingapinduki, muchaurawa mose saizvozvo. —Ruka 13.3

Saka pindukai, mudzoke, kuti zvitadzo zvenyu zvidzimwe, kuti nguva dzokusimbiswa, dzinobva pachiso chaShe, dzisvike.

—Mabasa Avapostori 3.19

Kubva panguva iyeyo Jesu wakatanga kuparidza, achiti: Pindukai, nokuti ushe hwokudenga hwaswadera pedyo. —Mateo 4:17 (*Zvinoenderera mberi papeji rino-tevera.*)

## GAMUCHIRA KRISTU SOMUPONESI WAKO NHASI

*Zviye kuna Jesu Kristu*

Isa nzira yako kuna Jehova; vimba vo naye, iye uchazviita.

—Mapisarema 37.5

Nokuti Mwari wakada nyika kudai, kuti wakapa Mwanakomana wake kwairi, wakaberekwa achingova mumwe oga, kuti ani nani anotenda kwaari, arege kufa, asi ave noupenyu husingaperi.

—Johane 3.16

Ivo vakati: Tenda kuna Ishe Jesu, ugoponeswa, iwe nemhuri yako. —Mabasa Avapostori 16.31

*Mwari anopa simba kuvana vake*

Asi vose vakamugamuchira, wakavapa simba rokuti vave vana vaMwari, ivo vava vano-

tenda kuzita rake.... Ndinokusiyirai rugare, ndinokupai rugare rwangu.

—Johane 1.12 na 14.27a

*Taura nezvaKristu pachena*

Nokuti kana uchipupura nomuromo wako kuti Jesu ndiShe, ukatenda mumwoyo mako, kuti Mwari wakamumutsa kuvakafa, uchaponeswa. Nokuti munhu anotenda nomwoyo, ndokururamiswa; uyezve anopupura nomuromo ndokuponeswa. Nokuti Rugwaro runoti: Ani nani anotenda kwaari, haanganyadzi swi.

—VaRoma 10.9-11

Scripture text is from the Bible in Shona by United Bible Societies Africa Regional Centre, Nairobi, Kenya. Used by permission.

---

Published in numerous languages as God supplies funds in answer to prayer. If you would like more copies for prayerful distribution, write in English. Specify which language(s) you need and how many booklets.

**World Missionary Press, PO Box 120, New Paris, IN 46553-0120 USA**



Read booklets online or by App

[www.wmp-readonline.org](http://www.wmp-readonline.org)

1429 Shona VJC-SVC